दिन– शनिवार दिनांक–10.05.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भारत आ पाकिस्तानक मध्य जारी गोलीबारी आ सैन्य कार्रवाई पर आइ सांझ पांच बजे सँ रोक लागि गेल अछि। भारतीय विदेश मंत्रालयक प्रेसवार्ता मे विदेश सचिव विक्रम मिसरी जनौलनि जे पाकिस्तानक डायरेक्टर जनरल ऑफ मिलिट्री ऑपरेशन अपन भारतीय समकक्ष सँ फोन पर तत्काल संघर्ष विराम पर सहमत भऽ गेलाह अछि। सीजफायरक क्रम मे संबंधित पक्ष के आवश्यक निर्देश देल गेल अछि। विदेश सचिव विक्रम मिसरी जनौलनि जे भारत आ पाकिस्तानक मध्य डीजीएमओ स्तर पर बारह मई कऽ एक बेर फेर बातचित होयत।

––बाईट––

एम्हर, विदेश मंत्री डॉक्टर एस. जयशंकर कहलनि जे भारत हमेशा सँ आतंकवाद के हरेक रूपरूपक खिलाफ लगातार दृढ़ और अडिग रूप अपनौलक अछि। भारत भविष्य मे सेहो ऐना करब जारी राखत। सीजफायर के घोषणा के बाद राष्ट्रीय सुरक्षा सलाहकार अजीत डोभाल प्रधामनंत्री नरेन्द्र मोदी सँ मिलबाक लेल हुनक आवास पर पहुलाह अछि।

---

एहि सँ पहिने आइ भोर एक प्रेसवार्ता मे कर्नल सोफिया कुरैशी जनौलनि जे भारतीय सैन्य बल पाकिस्तानक लगातार बढ़ैत आ भड़काऊ कार्रवाईक जवाब मे ओकर तकनीकी बुनियादी ढ़ांचा, कमान आ नियंत्रण केन्द्र, रडार साइट आ हथियार भंडार क्षेत्र सहित कतेको सैन्य ठेकान सभ पर सटीक हमला कयलक। भारतीय लड़ाकू विमान हवा सँ जमीन पर मारि करयवला हथियार सभक उपयोग करैत पाकिस्तानक रफीकी, मुरीद, चकलाला आ रहीमयार खान एहेन सैन्य ठेकान सभ के निशाना बनौलक। कर्नल कुरैशी जनौलनि जे पाकिस्तान श्रीनगर सँ लऽकऽ छलिया धरि छब्बीस सँ बेसी स्थान पर हवाई मार्ग सँ घुसपैठक प्रयास कयलक आ उधमपुर, भुज, पठानकोट आ बठिंडा मे वायुसेना के ठेकान सभ के नोकसान पहुचौलक। कर्नल कुरैशी कहलनि जे पाकिस्तान काल्हि राति पंजाबक वायुसेना अड्डा के निशाना बनेबाक लेल हाई–स्पीड मिसाइलक उपयोग कयलक आ श्रीनगर, अवंतीपुर आ उधमपुर मे स्वास्थ्य केन्द्र आ स्कूल सभ के सेहो निशाना बनौलक।

---

प्रेसवार्ता मे विंग कमांडर व्योमिका सिंह भारतीय एस–फोर हंडरेड हवाई रक्षा प्रणाली के नष्ट करब आ सूरतगढ़ आओर सिरसा मे हवाई क्षेत्र के नष्ट करबाक पाकिस्तानी दावा के खारिज कऽ देलनि। ओ एहि दावा सभ के आधारहीन जनबैत ऐहि के पाकिस्तानक लगातार दुष्प्रचारक प्रयास जनौलनि। विदेश सचिव विक्रम मिसरी कहलनि जे पाकिस्तानक उकसवएबला कार्रवाई तनाव बढ़वएबला अछि आ भारत एकर संयमित ढंग सँ जवाब देलक।

———————————————————

खेलो इंडिया यूथ गेम्स मे बिहार उत्तम प्रदर्शन करैत एखन धरि तीन स्वर्ण, छओ रजत आ आठ कांस्य पदक जीत लेलक अछि। बिहारक टीम रग्बी मे दू आ सेपक टाकरा मे एक स्वर्ण पदक जीतलक अछि। ओतहि, सेपक टाकरा मे राज्यक टीम के तीन रजत आ एक कांस्य पदक सेहो भेटल अछि। एकर अतिरिक्त बिहारक टीम गतका मे एक रजत आ चारि कांस्य आ जूडो आ शूटिंग मे एक–एक कांस्य पदक अपन नाम कयलक अछि। पदक तालिका मे महाराष्ट्र छब्बीस स्वर्ण पदक के संग पहिल स्थान पर अछि।

———————————————————

प्रदेशक अधिकतम आ न्यूनतम तापमान मे लगातार बढ़ोतरी भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान अधिकतम तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस के वृद्धि दर्ज कयल गेल। एहि दरमियान एकतालीस दशमलव छओ डिग्री सेल्सियस तापमानक संग गोपालगंज राज्यक सभ सँ गर्म रहल।

———————————————————

समाप्त